Ассаламу гIалайкум!

# Ахихъан

№ 23 (7163)
2 июнь 2015 с.
Рузман
Багьа 5 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «Садовод» sadovoduns@yandex.ru

Школазда - ахирисеб цIумур

## Кьабуна ахирисеб цIумур



КIудияб чIаголъиялда, гьира-шавкъалда тIоритIула киналго тадбирал Шамильхъалаялъул гьоркьохъеб школалда. Гьединабго тадбир букIана 22 маялда исана школа лъугIун унезе гьениб тIобитIулеб. БитIухъе заказ кьураб киниги, бакъги щвараб, дагьабниги гьогьенги бугеб букIана гьеб къо.

СагIат I0 тIубараб гIужалъ къокъаби гьарун чваххун рачIана лъикIго ретIа-къарал, тIугьдузул квацIаби гIадинал лъималги, учительзабиги ва тIаде ахIаралги тадбир тIобитIулеб майданалде. Гьеб цебеккунго берцинго къачIан букIана. Къокъабго кIалъайги гьабун тадбир рагьана I0 классалъул цIалдохъаби Кантемиров Мурадица ва МусахIажиева Зубаржатица. Гьез цере ахIана исана школа лъугIун унел 11 «а», 11 «в», 11 «г» классазул выпускникал ва гьезул нухмалъулел.

Хадуб рагIи кьола школалъул директор Гъ-М. ГъазимухIамадовасе. Гьес жиндирго ва школалъул коллективалъул цIаралдасан баркана школа лъугIун унезда гьеб байрам. Гьаруна гIемерал малъа-хъваял, гьарана гьезие кинабго лъикIабщинаб.

Хадуб баркиялъул кIалъай гьабуна школалъул завуч А. МухIамадгIалиевас. Гьес отличниказе ва хорошистазе кьуна грамотаби ва благодарственниял кагътал кьуна лъималазул улбузухъе. Выпускниказда школа лъугIи баркун кIалъана районалъул лъай кьеялъул управлениялъул начальникасул зам. М. ГIабдурахIманов. Ахиралда баркиялъул кIалъай гьабуна райадминистарциялъул бетIерасул зам. ХI-М. IIамирхановас.

(Ахир 2 гьумералда)

## Нух битIаги!



ХIакъикъаталдаги байрамалъулаб гIадаб ахIвал-хIал букIана 23 маялда Унсоколо росдал № 2 гIаммаб лъай кьеялъул школалда. Гьезул азбар берцин гьабун букIана тIугьдузги, байрахъазги, бакI-бакIазда рухьарал батIи-батIиял кьеразул шаразги, къватIир чIван ругел гIемерал плакатазги. Бихьулеб букIана гьеб байрамалде школалъул нухмалъулезги, педагогазги, гьединго цIалдохъабазги лъикIаб хIадурлъи гьабун букIин. Радал 9 сагIаталда байбихьана ахирисеб цIумур кьабиялъул рохалилаб байрамалде. Гьеб рагьана школалъул къватIисел мацIазул учительница П-З. МухIастановалъ. *(Ахир 2 гьумералда)*

## Сас те: унеб буго ЕГЭ

Россиялъул школаздаго гIадин гьабсагIаталда районалъул школаздаги унеб буго ЕГЭ ва ГИА экзаменал. Исана гьел кьолел руго Шамильхъала поселокалъул школалда. Кинабниги районалда ЕГЭ кьолеб уго 264 чияс, гьездасан исана школа лъугIулел ккола 243 цIалдохъан. ГИА кьолеб буго 297 цIалдохъанас.

БитIккайги, нужее экзаменазда, хириял цIалдохъаби!



ТIоцебесеб июнь - лъимал цIуниялъул къо

## Лъимал-нилъер тIугьдул



ТIоцебесеб июнь ккола ТIолгодунялалдаго лъимал цIуниялъул къо. Россиялда гьеб къо кIодо гьабизе хIукму гьабуна I949 соналда Халкъазда гьоркьосеб руччабазул демократияб федерациялъ Москвалда тIобитIараб сессиялда. Щибаб соналъго гIадин исанаги цебетIураб инсаниялъ кIодо гьабулеб буго лъимал цIуниялъул халкъазда гьоркьосеб къо.

Дунялалда тIад бугеб тIолабго халкъалда гьоркьоса 20-25 процент лъимал ккола. Лъимал талихIаллъун рукIинаризе тIадаб буго чIахIиязда.

Лъимал ккола нилъер букIинесеб, гIумруялъул магIна. Гьединлъидал нилъеда тIадаб буго лъималазе кинабго лъикIабщинаб чIезабизе гуребги лъикIаб тарбия кьезеги.



Жакъа цойги аслияб масъала ккола лъималазул сахлъи цIуни. ГIемерлъун руго балугълъиялде рахиналдего хъалиян бухIулел, наркотикал хIалтIизарулел лъимал. Гьелъ холеб буго лъималазул сахлъи, кколел руго батIи-батIиял унтаби

Баркула умумазда, улбузда, лъималазда лъимал ц1униялъул къо!

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 23 (7163)*

*2 июнь 2015 сон*

2 гьумер

***Районалда буго 8 тIадеги лъай кьеялъул учреждение. Гьел ккола СЮТ, кIиго лъималазул творчествалъулаб Рукъ, спортивиял школал. Гьез гIолеб гIелалъе квербакъи гьабулеб буго школазда щвараб лъай щула гьабизе ва махщел битIун тIаса бищизе.***



# Кьабуна ахирисеб цIумур

Байрам бачунез цере ахIана исана т1оцебесеб класс лъугIулел, гьез выпускниказе рикIкIана ва ахIана кучIдул. ТIоцебесеб классалъулаз выпускниказе кьуна тIугьдул, гьез гьитIичазе кьуна сайгъаталги.

Выпускниказда баркизе ва насихIатал гьаризе рахъана гьезул классазул нухмалъулел: Р. ХIамзатова, С. ГIабдулкъадирова ва Р. ЗакаригахIажиеваги, гьарана гьезие ЕГЭялъул экзаменазда битIккей, гIумруялда икъбал.

Школалъул ва классазул нухмалъулез лъималазе кьураб лъикIаб тарбиялъухъ баркалаялъул рагIаби абизе рахъана выпускниказул улбул.

Кьабуна ахирисеб цIумур. Гьеб кьабизе ихтияр щвана 11 классалъул цIалдохъан МухIамадгIалиев ХIабибие ва 1 классалъул цIалдохъан Ражбадинова Саниятие. БукIана ихтилат-кеп, рахъана ракIалде щвеялъе суратал.

***ГI. МУХIАМАДОВА.***

**27 май - ТIолгороссиялъул библиотекабазул къо**

# Баркула байрам!

**Библиотека – гьеб кидаго букIана жакъасеб кьоялъги буго школазда бищун къваригIунеб ва гьечIого гIолареб бакIлъун.**

**Гьанжесеб гIун бачIунеб гIел битIун куцаялъе ва цогояб пачалихъалъул экзамен кьезе цIалдохъаби хIадур гьариялъе чара гьечIого къваригIуна тIахьал цIали. ТIахьаздехун рокьи бижизабизе кIвахI гьечIого хIалтIулел библиотекарал дагьал гьечIо нилъер районалъул школаздаги. ХIасилалги гьединаб хIалтIул квешал гьечIо.**

**ХIурматиял библиотекабазул хIалтIухъаби, дунялалда тIад бищунго цебегосеб бугониги гIададамазе бищунго къваригIунеблъун ккола нужер профессия. ТIехь – гьеб ккола гIакълуялъул ицц ва нуж ккола тIахьазулги тIахьал цIалулезулги гьоркьохъаби. ЦIалдолезулгун гьабураб лъикIаб хIалтIухъ лъай кьеялъул управлениялъул ва диргоги рахъалъ ракI-ракIалъ баркула районалъул тIолалго библиотекаразда гьезул праздник, гьарула гьабулеб ишалъулъ битIккей, сахлъи, рохел, нужее!**

***З. ХIУСЕНОВА.***

***Лъай кьеялъул управлениялъул библиотекаразул специалист.***

## ИНФОРМАЦИЯ ДЛЯ ГРАЖДАН ОБ ИЗМЕНЕНИИ В ЗАКОНОДАТЕЛЬСТВЕ РД

Управление социальной защиты населения в муниципальном образовании «Унцукульский район» доводит до сведения педагогических работников образовательных учреждений, медицинских и фармацевтических работников государственных учреждений здравоохранения, социальных работников государственных учреждений социального обслуживания населения, специалистов культурно-просветительских учреждений, специалистов государственной ветеринарной службы Республики Дагестан, работающих и проживающих в сельской местности и поселках городского типа, что вступил в силу Закон Республики Дагестан от 12 января 2015 года № 5 «О внесении изменения в статью 4 Закона Республики Дагестан от 30 декабря 2004 года № 64 «О мерах социальной поддержки по оплате жилых помещений и коммунальных услуг отдельным категориям граждан в сельской местности и поселках городского типа».

Данным законом для вышеперечисленных категорий граждан установлена ежемесячная денежная выплата по оплате жилого помещения и коммунальных услуг в размере 1 000 (одной тысячи) рублей.

Размер ежемесячной денежной выплаты подлежит индексации один раз в год с 01 апреля текущего года исходя из установленного федеральным законом о федеральном бюджете на соответствующий финансовый год и на плановый период прогнозного уровня инфляции.

За дополнительной информацией граждане могут обратиться в управление социальной защиты населения в рабочие дни с 9.00 до 17.00 по адресу: с.Унцукуль, пл. М. Дахадаева, 1

***Телефон для справок: 55-64-19; 55-64-83.***
***e-mail: uszn-uncukul@mail.ru***

ГIолел туристазул станциялъ - 20 сон

# «ЦIудул гохIда» - цIумазул роржен



***Араб анкьалда кIудияб чIагольи букIана Унсоколо росда тIад «ЦIудул гохIда» бугеб лъималазулгун гIолилазул туризмалъул ва экскурсиязул станциялда. 20 сон тIубана гьеб гIуцIараldаса.*** ***Краевед ХIажи Ибрагьимовасул жигарчилъиялдалъун гьеб рагьана мунагьал чураяв ГIумар ХIамзатов районалъул бетIерлъун вугеб 1995 соналда. Аслияб мурадлъун станциялъул букIана туризмалъул ва край лъазабиялъул кружокалъул кумекалдалъун районалда лъималазе тIадеги лъай кьей лъикIлъизаби.***

КIудияб бажаригун ва гIахьаллъаразе асар гьабулеб рохалилаб данделъи бачана гIолел туристазул станциялъул методист ПатIимат ХIайбулаевалъ ва педагог Загьидат Вух1амаевалъ. – 20 сон! ЦIакъго кIудияб гьечIониги щиб гьеб тарих, дагьаб захIмат гьечIо гьелда нахъа; батIи-батIиял гIелазул васал-ясазул, жидерго ракIги заманги лъималазе кьурал соналъул январь моцIалда рагьана станция. Гьелъул аслияб масъала букIана гIолеб гIелалда гIагараб ракь лъазаби. ГIемерал захIмалъаби дандчIвана гьеб иш байбихьарав Ибрагьимов ХIажи ХIусейновичасда гьоркь кинаб букIаниги хIалтIи гьечIеб бакIалда гьаб организация гIуцIулаго ва цебетIезабулаго. Дагьаб материал бакIаричIо гьаниб Ибрагьимовасул нухмалъиялда гьоркь.

ГьабсагIаталда СЮТалда буго 15 цолъи. Гьездасан 5 – туристлъиялъул, 6 – край лъазабиялъул, 2 – ТОКСалъул, музыкалияб иш, гIолев эколог. Гьез жанире рачун руго 273 цIалдохъан. Кружоказда кIвар кьола сверухъ лъугьунеб лъималазда бичIчIизабиялде. Лъималаз занятиязда лъазабула нилъер бечедаб тарих, Дагъистаналъул имамазул гIумроялъул нух, общественнияв хIаракатчи М. Дахадаевасул, Багьадур Малачихановасул, МухIамадтIагьир Унцукульскиясул ва цогидазулги хIакъалъулъ. Гьезие гьарула экскурсиял, дандчIваял.

Дандеруссиналда СЮТалъул хIалтIухъабазда юбилей баркун ва гьабураб хIалтIуе къимат кьун кIалъана ХI-М. ГIамирханов, М. МухIамадов, М-Н. ХIайбулаев, Г. Бахмудова, М-ХI. ГIабдурахIманов, М. ГIабдурахIманов, С. КъебедмухIамадова, эбел-инсул рахъалдасан С. МухIамадова ва гIемерал цогидалги. Лъай кьеялъул министерствоялъ, райадминистрациялъ, райУНОялъ СЮТалъулазе кьуна грамотаби, финуправлениялъ сайгъат.



педагогазул,-ян абун рагьана ХIайбулаевалъ тадбир ва баркала, нужее, нижер рохалилъ гIахьаллъаралдухъ,-ян рехсана тIаде рачIарал гьалбадерил цIарал. Гьел рукIана «Унсоколо район» МОялъул бетIерасул зам. ХI-М. ГIамирханов, республикаялъул туризмалъул ва экскурсиязул Централъул методист Галина Ивановна Бахмудова, лъай кьеялъул управлениялъул начальникасул зам. М. ГIабдурахIманов, Унсоколо росдал администрациялъул бетIер М. МухIамадов, райадминистрациялъул бетIерасул кумекчи М-Н. ХIайбулаев, районалъул «Ахихъан» газеталъул редактор С. КъебедмухIамадова, Унсоколо №1 гьоркьохъеб школалъул директор М-ХI. ГIабдурахIманов, М. Х1ажимух1амадов ва гIемерал цогидалги.

Хадубги П. ХIайбулаевалъ бицана: - 1995

Юбилеялде рачIаразе баркала кьун кIалъана гIолел туристазул станциялъул нухмалъулев Л. ГIабдурахIманов.

Станциялъул юбилей берцин гьабуна районалъул культураялъул управлениялъул хIалтIухъаби ТIалхIат ГIумаровас, М-ХI. ХIадисовас, П. МухIамаевалъ, ГI-К. ГIабдурахIмановаси.

Юбилей сверана станциялъул хIалтIухъабазе ва гьалбадерие кIудияб хIалхьи гьабиялъул праздникалде. Киназдаго бихьана «ЦIудул гохIда» бугеб станциялъул х1алт1ухъабазул роржен ц1умазул г1адаб бук1ин.

Суратазда: ***М. МухIамадов, Л. ГIабдурахIманов, ХI. ГIамирханов. (гьоркьехун) СЮТалъул коллектив.***

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 23 (7163)*

*2 июнь 2015 сон*

*3 гьумер*

2014 соналда жаниб Дагъистаналъул халкъалъул къадар цIикIкIана 2 процентальъ, гьеб ккола 13,7 азарго чияс ц1ик1к1ин. 2013 соналда цIикIкIун букIана 13,3 азаргоялъ. Араб соналда кинабниги республикаялда гьабун буго 52281 лъимер.

Ругел баяназда рекъон, 2015 соналда республикаялда гIумру гьабун вуго 2 млн. 946 азаралда 35 чи. Гьездасан бихьинал – I млн. 416 азаралда 305, чIужугIадан – I млн. 529 азаралда 730.



# Операция «Оружие - выкуп»

Анализ оперативной обстановки на территории РД, а также отделом по РФ показывает, что одним из факторов характеризирующий преступность, становится все возрастающая вооруженность криминальных элементов.

На территории республики остается высоким количество преступлений, совершенных с применением огнестрельного оружия. С 2014 году в республике зарегистрировано 330 преступлений, с применением огнестрельного оружия, подавляющее большинство, которо го находилось в незаконном обороте.

На основании вышеизложенного, а также во исполнение Постановления Правительства Республики Дагестан от 24 апреля 2014 года № 184 «О мерах по организации добровольной сдачи гражданами незаконно хранящихся огнестрельного оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ» и совместной координации реализуемых программных мероприятий.

**ПРИКАЗЫВАЮ:**

Провести в период с 18 мая по 31 декабря 2015 года на территории РД операцию «Оружие-выкуп» по добровольной сдаче гражданами на возмездной основе незаконно хранящегося огнестрельного оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ.

## Размер денежной выплаты за добровольно сданное не законно хранящиеся оружие и боеприпасы

| № п/п | Наименование оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ | Цена в руб. |
|---|---|---|
| 1 | Пистолет или револьвер | 15000 |
| 2 | Автомат | 20000 |
| 3 | Пулемет | 25000 |
| 4 | Подствольный гранатомет ГП-25 и ГП -30 | 15000 |
| 5 | Гранатомет РПГ-7, 7В и 27 | 17000 |
| 6 | Одноразовый гранатомет РПГ -18, 22, 26, 27 | 15000 |
| 7 | Винтовка СВД | 25000 |
| 8 | Пистолет-пулемет | 15000 |
| 9 | Охотничий карабин | 6000 |
| 10 | Охотничье гладкоствольное ружье | 3000 |
| 11 | Газовые пистолеты и револьверы отечественного производства | 1000 |
| 12 | Газовые пистолеты и револьверы импортного производства | 1000 |
| 13 | Пистолеты и револьверы кустарного производства | 1000 |
| 14 | Самодельное стреляющее устройство | 500 |
| 15 | Взрывчатое вещество (тратил, аммонит, гексоген и др. ВВ) за грамм | 5 |
| 16 | Взрывное устройство (устройство, включающее в себе ВВ и СВ) | 2000 |
| 17 | Средство взрывания (электродетонатор, капсюль-детонатор, взрыватель в шт., огнепроводные и электропроводные шнуры в м.) за единицу | 200 |
| 18 | Штатный боеприпас (выстрелы к артиллерийскому вооружению) | 2000 |
| 19 | Выстрел к РПГ | 2000 |
| 20 | Огнемет РПО-А | 10000 |
| 21 | Выстрел к гранатомету (ВОГ-30, 25, 25 П) | 1500 |
| 22 | Граната (Ф-1, РГО, РГН, РКГ-3ЕМ, РГ-42) | 1500 |
| 23 | Мина инженерная (саперные мины) | 1000 |
| 24 | Патроны и боеприпасы к боевому стрелковому оружию | 5 |

## Унеб буго «Автобус» тадбир

Дагъистаналъул МВДялъул Госавтоинспекциялъ кигIан гIемерал тадбирал данде гьарулел ругониги захIматаб ахIвал-хIал буго гIадамал раччулеб транспорталда авариял ккеялда хурхун. Водителазул гIайибалдалъун гьаб соналъул арал моцIаз республикаялъул нухазда гьабун буго 12 автоавария, гьелъул хIасилалда 24 чиясе ккун буго лъукъакъотIиялдалъун зарал.

Гьебги хIисабалде босун гьаб соналъул 30 маялдаса 8 июналде щвезегIан республикаялда тIобитIулеб буго «Автобус» профилактическияб операция.

***Р. МУСАВУЗОВ***



Сахлъи

# Туберкулез ккеялдаса цIуне

Туберкулез ккола гьаваялдасан цоцахъе кьолеб унти. Туберкулезалъ гIемерисеб унтула гьуърул ва амма унтизе рес буго цойгидалги органал. Щивав чи унтизе рес буго туберкулезалъ.

Щивав чиясда лъазе ккола кинал унтаби ругел чагIазул цIикIкIун рес бугеб туберкулезалъ унтизе,-абун. Гьел ккола гьал хадусел унтаби: нервабазул унти, СПИД, гьекъолел ва бухIулел жал гIемер хIалтIизари, сахарный диабет ва цогидалги.

Щивав чиясда лъазе ккола туберкулез гьаваялдасан бахунеб унти букIин. Туберкулезалъ унтарав чи вугони хъегIани яги ченхъани гьесул кIалдисан бачIунеб хIухьелалдалъун гIадамазде бахине рес буго. Щивав чиясда тIадаб буго жиндирго черхалда хадуб хал кквезе. ГIемераб заманаялъ хъегIулел ругони грипп бугилан тезе бегьуларо, хехго ине ккола врачасухъе. Туберкулез грипп гIадин байбихьулеб унти буго, гьединлъидал гриппалда цIакъго тIадчIей гьабизе ккола.

***<u>Туберкулезалъул рукIуна гьадинал гIаламатал:</u>***

ХъегIи лъабго анкьидаса цIикIкIин, тIеренлъизари, замазаманалдасан бахунеб температура, къасе кьижараб мехалъ гIетI бай, рухI гьечIого, свакан рукIин, керен унтизаби, бетIерсвери, кваназе кIоларого рукIин.

Нужерго гьединал симптомал рукIин лъани, щивасда хехго участкаялъулав врачасухъе ине тIадаб буго.

Туберкулез буго хехго сах гьаризе байбихьанагIан хехго сах гьабизе кIолеб унти. Врачасухъ гIенеккичIони, сахги гьарич1они цIакъ захIмалъула сахлъизе ва жеги хвезегицин бегьула.

Гьари буго киназдаго флюроография гьабизе лъагIалида жаниб цо нухалъгIаги рачIа,-ян.

***ГI. МУХIАМАДХАНОВА.***
***фтизиатр.***

## «Внимание дети» тадбир

**Нухазда хьвадулаго автоавариялъул хIасилалда лъималазул хвел ва гьел сакъатлъиялъул рахъалъ хIасилал гIодоре ккезаризе хIисабалде босун букIаниги, гьеб ккечIо. Гьаб соналъул 4 моцIалъул хIасилал гьаридал баянлъана: республикаялда 43 ДТПялъул хIасилалда хвана 6 лъимер, сакъатлъана 42 саназде рахинчIел лъимал. Гьел хIасилаз бихьизабулеб буго нухазда хьвадулез ва шоферазги цIакъго гIадатиябцин къагIидаби цIунулел гьечIольи. Хасго автоавариялде лъимал кколел руго каникулазул заманалда. Абизе бегьула ккарал авариязул хIасилал гьарулаго 50 процент лъимал кколел ругин автоавариялде гьоркье,-абун. Гьединго лъимал автобусазда ва автомашинаялда рачунаго хIалтIизарулел гьечIо рачалаби. Гьединлъидал гьаб соналда Россиялъул МВДялъул 2003 соналъул 2 декабралда бахъараб № 930 приказалъул 14 пункталда ре къон республикаялда тIобитIулеб буго ТIолгороссиялъул профилактическияб «Внимание – дети!» тадбир. Гьелъул букIине буго 4 этап. ТIоцебесеб этап тIобитIизе буго 25 маялдаса 15 июналде щвезегIан. Гьелъул мурад кко-ла каникулазул заманалда лъималазул нухазда цIодорлъи букIинаби. 2 этап буго 24 августалдаса 14 сентябралде щвезегIан. Лъимал риидалил каникулазул хIухьбахъиялдаса хадур нухазда хьвадулаго цIодорго рукIиналъул мурадалда тIобитIулеб буго гьеб.**



**- 3 этап букIуна гьаб соналъул I ноябралдаса 10 ноябралде щвезегIан. Гьеб ккола хаслихълъиялъул каникулазул заман.**

**- 4 этап буго 2015 соналъул 26 декабралдаса 2016 соналъул 10 январалде щвезегIан. Гьеб заманги ккола хасалил каникулазул заман.**

**Лъимал раччулел транспорталъул шоферал ва жалго гIадамал жавабчилъигун ралагьизе ккола жидерго тIадаб ишалдехун. Машина бачунаго бокьараб ахIвал-хIалалде ккезе бегьула, гьитIинаб гъалатIалъ кIудияб балагьалде рачуна. Киназдаго тIадаб буго зарал ккеларедухъ хIалтIизе. Гьеб мурадалда республикаялдаго тIобитIулеб буго «Внимание – дети!» тадбирги.**

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 23 (7163)*

*2 июнь 2015 сон*



2015 соналъул 1 февралалдаса нахъе Россиялъул 39 миллион пенсионерасул страховияб пенсия цIикIкIинабизе буго 11,4 проценталъ. Гьелъул хIасилалда херлъиялда бан щолеб пенсиялъул гьоркьохъеб къадар бащалъизе буго 12,9 азарго гъурущалда.



*Редакциялде кагъзал*

# ГьитIинаб росулъа, кIудияв инсан

Халитов ЖабрагIил гьавуна Унсоколо районалъул гьитIинабго ИнкIкIвалитIа росулъа I940 соналъ. КватIичIого байбихьана КIудияб ВатIанияб рагъ. Гьев жеги 4 сон тIубачIев чи вукIана, гьезул хъизан Чачаналде гочине гьабураб мехалъ. Гьениб лъугIана росдал школа. I7 сон барав чи чачаназул ракьги тун тIад вуссана гIагараб росулъе ИнкIкIвалитIе ва гьениб инсул биххараб минаялъул гъогъол гъуниялда нахъа рукъ базе байбихьана гьес. АхIана тIадаб налъи тIубазабизе Советияб армиялъул кьеразулъе, гьениса вуссун хадуб рукъ бан лъугIизабуна.



ЖабрагIилица захIматалъул нух байбихьана I965 соналъ ралел бак1азул 4 управлениялда Южно-Сухокумск поселок балезул къукъаялда гъорлъ. КIиго соналъ хIалтIун хадуб ЖабрагIил тIамун вукIана бакIал ралеб комплекснияб бригадаялъул бригадирлъун. Организация биххизегIан гьенив хIалтIана Жабраг1ил хиси гьечIого бригадирлъун. 20 соналъ гьесул сурат камичIо ХIурматияб хъорщодаса, цеве тIурав бригадир хIисабалда. Вищун вукIана МахIачхъалаялъул Ленинский районалъул Советалъул депутат лъунги.

СУ-4 биххун хадуб ЖабрагIил-хIажи вачIана Гъизилюрт районалъул Комсомольское совхозалде ва гьенив хIалтIана бакIал ралезул бригадаялда бригадирлъун. Бригада букIана бищун цебесеб кьерда ва гьенибги ЖабрагIилил сурат босун букIана ХIурматияб хъорщоде. Гьенисан ЖабрагIил ана пенсиялде.

РакIбацIцIадаб захIматалъе гIоло Жаб-рагIил Халидовасе кьун буго «Нефталъул ва газалъул предприятиялъул ралел бакIазул отличник»,-абураб тIадегIанаб цIар. Гьев мустахIикълъана «Ударник коммунистического труда», «Победитель социалистического соревнования в I978 г.» «Ударник II-й пятилетки» гIаламатазе ва «Ветеран труда» медалалъе, гIемерал хIурматиял грамотабазе ва баркалазеги. «Ленин гьавуралдаса I00 сон тIубаялъул юбилеялъул» медалалъеги мустах1икълъана гьев .

ГьабсагIат Халитил вас ЖабрагIил-хIажи гIумру гьабун вуго Гъизилюрт районалъул Комсомольское росулъ. Гьев вуго пагьму бугев ва кучIдул хъвазе махщел бугев чи. Литературияб институт лъугIичIониги, гьесда абизе бегьула магIарулазул С. Стальский,-абун. Гьесул пасихIал кучIдул рахъана «ХIакъикъат» газеталда ва гьединго «Ахихъан», «Гъизилюрталъул харбал» «Неделя Кизилюрта» газетазда. КъватIибе риччана гьесул тIаса рищарал асаразул кIиго тIехьги.

***ТIалхIат АХЪБЕРДИЕВ.***
***Россиялъул журналистазул союзалъул член.***

***Сураталда: Ж. ХАЛИДОВ***

# Иман бугев инсан

Унсоколо росулъ «ТехIмагъилъ» авалалда гIумру гьабун вуго МухIамадов МухIамадгIали. Дие бокьун буго гьесул гьунар-махщелалъул, бажариялъул, кIвахI гьечIолъиялъул гьаб макъалаялда загьир гьабизе. Мух1амадг1алил чорхолъ ругел махщелазул бицун хIал кIвеларо. Гьев ккола шоферги, боцIцIи-панзалъул бетIергьанги, цIулал хIалтIи гьабулевги, маххул тIагIалил устарги, мадугьаллъиялъе лъим чIезабулев, гьеб къачIалев махщалилавги, ток свани гьелъул жаваб кьолевги, ах-хуралъул бетIергьанги, ай МухIамадгIалил квердаса борчIараб махщел гьечIилан абуниги мекъи ккеларо. Щив къваригIелалъ вачIаниги МухIамадгIалица заман букIа, букIунге гьев чи мурадги тIубан нухда регIула. Гьесие батIалъи гьечIо гьитIинав вукIа, к1удияв вук1а, гьесул аслияб мурад буго тIаде вачIарав чиясул къваригIел тIубай. МухIамадгIалица хIалтIи гьабула Аллагьасе гIоло, мухьги босичIого. Гьединаздаса нилъ чIухIизеги роххизеги ккола. Гьесие живго веццизе бокьуларо. БокьичIониги дица хIаракат бахъана цогидазги гьесдасан мисал босиселъун гьаб макъала хъвазе. Нилъеда лъала кинавго чи цо тайпаялъул, цого гIамал-хасияталъул, цого гьунаралъул рукIунареблъи, амма МухIамадгIалилъ гьел киналго рахъал рессун руго.

Аллагьас, МухIамадгIали дуе къуватги, жанги, сахлъиги, сахаватлъиги кьеги, гьеб иман буголъи чорхолъа унгеги, тIаде рачIаразул мурад тIубазе сахлъи кьун таги!

***С. МУХIАМАДОВ.***

# Нух битIаги!

Гьелъ хIурматияб линейкаялде ахIана байрамалъул «гIайибиял», берцинаб музыкаялда гъоркь, кодор тIугьдулгун линейкаялде рачIана исана школа лъугIулел кIиябго классалъул цIалдохъаби, гьединго тIоцебесеб классалъул лъимал ва выпускниказул улбулги. Байрамалъе цо хасаб берцинлъи кьун бугоан гьеб гIисинал классалъул лъималазул букIараб батIи-батIиял кьеразул ратIлил формаялъ, мугъзада нахъа рарал «кваркьабаз». Гьезухъ балагьун ракIалде кколеб букIана гьел унго-унголъунги роржине къачIарал маккал ругилан.

Сверухълъиялдаго тIад бан ана берцинаб «Школьный вальс» кочIол бакъан. ЧIахIиял классалъул лъималаз ахIана кечI, гIисиназ, ай тIоцебесеб классалъул цIалдохъабаз гьабуна гIаммаб кьурди. Хадуб тадбир бачунелъ бицана гьанжеялдаса I6 соналъ цере жакъасел выпускникал кинал рукIаралали, 11 соналъ школалъ кинаб лъай ва тарбия гьезие кьурабали рачIа ракIалде щвезабилин: 11 соналда жаниб школалда нужее кьуна I2506 дарс, гьезул ахирисеб байбихьизе буго гьал минутазда ва гьеб букIине буго нужее гьоркьоса къотIичIого тIубараб гIумроялъего. Нужеца цIалана 25843 тIамчал ругеб I52 цIалул тIехь, нужее кьабуна гьел саназда 250I2 нухалда дарсазде нуж ахIулеб цIумур... Гьеле жакъа гьаниб кьабизе буго нужер школалъул гIумроялда жаниб ахирисеблъун кколеб цIумур.

Школа лъугIулезда ахирисеб цIумур кьабиялъул байрам баркун кIалъана гьезул тIоцеесей учительница П. Сайпудинова, гьелъ выпускниказе гIемераб гьарирахьиги гьабуна, гьезие сайгъат гьабун жинцаго хъвараб кечIги рикIкIана. Школа лъугIулезда ахирисеб цIумур кьабиялъул байрам баркизе рачIун рукIана «Ласточка» ясли-ахалъул гьитIичал.

ХIурматияб линейкаялде ахIун рукIана батIи-батIиял саназ школа лъугIарал гIолилалги. Школа лъугIулезда байрам баркун кIалъазе вахъана школалъул директор А. ГIалиев. Гьес цIалана Унсоколо росдал администарциялъул бетIер М. МухIамадовас школалъул коллективалъухъе битIун бачIараб баркалаялъул кагъат. Гьединго ахирисеб цIумур кьабиялъул байрам баркун кIалъана районалъул лъай кьеялъул управлениялъул хIалтIухъан С. ГIабдурахIманова, школалъул завуч М. ХIасанова. Гьез школалъул гIемерисел цIалул церехъабазе кьуна районалъул, республикаялъул батIи-батIиял конкурсазда, олимпиадабазда, спортивиял къецазда, гIелмиябгун техническияб творчествалъул конкурсазда тIоцересел бакIал щварал цIалдохъабазе школалъул администрациялъул, районалъул лъай кьеялъул управлениялъул ва райадминистрациялъул рахъалдасан грамотаби ва гьаруна сайгъатал. Гьединго гIемерал рецц-бакъалъул рагIаби абуна ва баркала кьуна жидеего лъайги тарбияги кьурал учительзабазе школа лъугIулез, гьезие сайгъат гьарун ахIана кучIдул, гьаруна кьурдаби, кьуна сайгъатал. Школалъул администрациялъул рахъалдасан лъималазе лъайгун тарбия кьеялъул ишалда рихьизарурал тIадегIанал хIасилазе гIоло гIемерал педагогазе кьуна грамотабиги, призалги. Байрамалда «Дир Унсоколо»,-абураб ГI. Малачиевалъул кечI махщалида цIалана магIарул поэтазул кучIдул пасихIго цIалиялъул конкурсалда республикаялда кIиабилеб бакI щварай, 11 классалъул цIалдохъан З. ХIамзатовалъ. Умумазул рахъалдасан байрам баркун кIалъана А. Малачиханов.

Школа лъугIулезул ва тIолабго школалъул учительзабазул цIаралда хинал рагIаби абуна чанго соналъ цее гьаб школа лъугIарай нилъер ракь цояй, поэтесса ГIайшат Малачиевалъ. Гьелъ абуна: жакъа гьадинабго данделъи, ахирисеб цIумур кьабиялъул роххел букIана дир вас цIалулеб школалда. Амма дир ракIалъ къабул гьабичIо гьание ячIинчIого чIезе. Баркула школа лъугIулезда ахирисеб цIумур кьабиялъул байрам. Гьелъ цIалана 2 цIияб кечIги.

Школа лъугIулез ва тIоцебесеб классалъулаз цоцазе кьуна ракIалде щвеялъе сайгъатал, рахъана суратал, букIана аваданлъи. Ахиралда ахирисеб цIумур



кьабизе ихтияр щвана 11 ва тIоцебесеб классалъул цIалдохъаби – церехъабазул ункъго параялъе. Гьез киназго цадахъ ахIана «Къо-мех лъикI, школа» абураб кечI.

Тадбир гIуцIадго иналъе гIемераб хIалтIи гьабун бугоан 11 классазул руководительзаби П-З. МухIастановалъ ва М. ГIабдулаевас.

ХI. ГIАБДУЛАЕВА.

**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**с. Унцукуль**
**ул. Мустафаева 28**

**Телефон редактора**
**55-63-07**
**sadovoduns@yandex.ru**

Адрес издателя:
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать -1 . 6. 15 г. 15. 30
фактически -16.20 мин.

.......................................

Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках
Тираж - 1500 экз.